Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU NOUVO INISYATIV SEKIRITE KONT ZAM PREZIDAN BIDEN LAN

"Twòp fanmi nan peyi sa a te fè eksperyans pèt akòz vyolans ak zam. Twòp kominote, tankou vil mwen an, Buffalo, te devaste pa zam lagè. Nou gen yon obligasyon moral pou nou aji — epi se poutèt sa New York te ranfòse lwa sou sekirite zam ki pi enpòtan nan peyi a, elaji itilizasyon lwa sinyal alam lan pou anpeche agresè domestik yo ak lòt moun danjere yo lakòz tèt yo oswa lòt moun mal.

Nouvo Dekrè Egzekitif (Executive Order, EO) Prezidan Biden lan pote apwòch New York la nan yon echèl nasyonal. Dekrè Egzekitif la ranfòse règleman sou moun ki gen yon "sinyal alam" lè li egzije machann zam ki gen lisans federal yo pou yo tcheke si yon moun se yon agresè domestik oswa si li se yon kriminèl kondane. Li ogmante resous federal pou zouti ki pwouve nan konbat kriminalite, tankou Rezo Enfòmasyon Balistik Entegre Nasyonal (National Integrated Ballistics Information Network) la ke nou ap itilize nan Sant Analiz kont Krim yo atravè New York. Dekrè Egzekitif (EO) sa a ap bati sou gwo siksè ane pase a, lè Prezidan Biden te travay sere ak Lidè Schumer ak manm bilateral Kongrè a pou adpte premye nouvo lejislasyon sou sekirite zam nan yon jenerasyon. Dekrè Egzekitif sa a se pwochen etap enpòtan peyi nou an bezwen.

Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen, epi nou p ap sispann travay pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite kont vyolans ak zam."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418